



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 11 PWOJÈ TRANSFÒMATÈ NAN VIL TROY NAN KAD  
INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA A**

***Onz Pwojè Revitalizasyon Anba Lavil la ap amelyore sèn kiltirèl ak atistik dinamik  
li, posibilite pou mache ak koneksyon, opòtinite lojman ak sèvis kominotè***

**Reprezantasyon Grafik Pwojè yo Disponib [Isit la](#)**

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 11 pwojè transfòmatè nan Vil Troy nan kad prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) 10 milyon dola a. Prim yo pral amelyore sèn atistik ak kiltirèl dinamik vil la, amelyore posibilite pou mache, bay pi bon opòtinite lojman, epi elaji sèvis kominotè yo.

"Envesti nan anba lavil dinamik pèmèt kominote yo pwospere, epi Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an nan Troy pral konekte patnè lokal nou yo ak resous yo bezwen pou yo reyisi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral non sèlman amelyore kalite lavi pou moun k ap viv ak travay nan Troy, men tou, asire kominote sa a rete yon bèl jwayo nan Rejyon Kapital la pou plizyè deseni k ap vini yo".

Nan kè anba lavil Troy a, distri Riverwalk DRI konpak ak aksesib a pye a gen yon gwo pati nan resous atistik, kiltirèl, ak amizman vil la, ki gen ladan plis pase yon rivaj ki apeprè 2.5 kilomèt. Prim DRI sa a pral pèmèt Vil Troy bati sou investisman anvan yo, cham otantik ak lespri fè-li-ou menm nan Distri Bò Rivyè a, ak kantite rezidan, vizitè, ak antreprenè k ap grandi pou transfòme Distri Bò Rivyè a pou tounen yon sant rejyonal inovasyon ak talan, avèk gwo plas piblik, ti biznis k ap pwospere, ak espas atistik ak divètisman. Bilding istorik ak nouvo espas fleksib yo pral ofri opsyon pou viv, aprann, ak kreye, epi Bò Rivyè elaji a pral konekte katye yo epi bay yon chemen klè pou investisman nan South Troy, North Central Troy, ak pi lwen.

Investisman yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye pou revitalize ekonomi rejyon nò Eta a epi kreye plis opòtinite pou rejyon Kapital la. Se Depatman Deta nan New York, ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la, k ap dirije DRI.

Pwojè ki dwe finanse atravè DRI sipòte plizyè objektif ak estrateji ki genyen nan Plan Envestisman Estratejik kominote a, tankou amelyorasyon sèn kiltirèl ak atistik; amelyorasyon posibilite pou mache ak koneksyon ak dinamis peyizaj lari; ogmante opòtinite lojman; ak ogmante sèvis kominotè. Envestisman 9.7 milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI pral ogmante envestisman adisyonèl nan sektè piblik ak prive pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè presi yo ki pral finanse atravè DRI gen ladan:

### **Amelyore Sèn Kiltirèl ak Atistik**

#### **Transfòme Teyat Ameriken an pou tounen yon Espas Astistik Plizyè Fonksyon - Prim DRI: 500,000 dola**

Transfòme teyat ki vid epòk ane 1920 yo nan 285-289 River Street pou tounen yon lokal sinema, atizay, ak mizik an dirèk k ap òganize 200 evènman chak ane. Teyat renove a pral pote apeprè 30,000 moun nan anba lavil pandan y ap agrandi opsyon kiltirèl ak amizman nan zòn nan.

#### **Amelyore Eksperyans Vizitè nan Hart Cluett Museum Istorik la- Prim DRI: 380,000 dola**

Ranplase sistèm HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizasyon) pou pwoteje koleksyon mize a epi amelyore itilizasyon teren deyò a pou pèmèt ekspansyon òf mize a. Pwojè sa a pral asire eritaj kiltirèl Troy ak Konte Rensselaer prezève pou jenerasyon k ap vini yo.

#### **Ogmante Kapasite Bibliyotèk Piblik Troy la Tout Ane a - Prim DRI: 625,000 dola**

Ajoute yon inite HVAC mekanik ki monte sou twati a, ranplase kanalizasyon distribisyon, epi mete ajou sistèm enteryè yo pou bay pi bon kalite lè ak lè frèt nan mwa ete yo nan 100 Second Street, sa k ap pèmèt pi gwo pwogram ete.

#### **Konekte Anba Lavil la atravè Penti Miral ak Atizay Piblik - Prim DRI: 270,000 dola**

Revitalize espas piblik yo avèk atizay piblik pou konstwi fyète ak envestisman epi akeyi vizitè yo. Pwojè sa a pral kreye plizyè enstalasyon atizay piblik nan sis kote atravè anba lavil la, k ap kreye nouvo eksperyans pou piblik la angaje avèk Troy.

### **Amelyore Possibilite pou Mache, Koneksyon ak Dinamis Lari**

#### **Pwolonje Marina North Riverwalk - Prim DRI: 3,000,000 dola**

Pwolonje Santye Rivyè a nan apeprè demi kilomèt (pou rive Jay St.) ak sou Pon Hoosick Street la. Pwojè Riverwalk Marina North la pral bay koneksyon pou bisiklèt ak pyeton amelyore nan katye North Central ak Lansingburgh, pwolonje yon santye ki pral finalman pwolonje onz kilomèt.

#### **Transfòme Congress Street Gateway nan Anba Lavil Troy - Prim DRI: 1,000,000 dola**

Retire ranp ki nan pon an epi rekonstwi entèseksyon pon an ak River St pou kreye yon wout ki pi byen konekte Anba Laval ak Sant Sid ak South Troy. Avèk re-oryantasyon pon an, plis espas devlope ap disponib pou devlopman lojman alavni.

**Etabli Sistèm Siyalizasyon ak Mak nan Anba Laval ak Bò Rivyè a - Prim DRI: 363,000 dola**

Aplike plan Vil la pou mak ak medya aktivasyon. Envesti nan mak ak sistèm siyalizasyon asire envèstisman estratejik yo fè anba laval yo vizib pou yon gwo piblik epi maksimize enpak ekonomik yo.

**Restorasyon Bilding Istorik Cannon - Prim DRI: 200,000 dola**

Restore eksteryè pi ansyen bilding nan Monument Square nan 5 Broadway. Avantaj prensipal revitalizasyon gen ladan amelyore mobilite pyeton yo sou twotwa amenaje ak enpak vizyèl amelyorasyon nan fasad yo sou pi gwo anba laval la.

**Ogmante Opòtinite Lojman**

**Konplete Premye Faz Reyamenajman Taylor Apartments - Prim DRI: 1,600,000 dola**

Devlope apeprè 141 inite apatman ki abòdab pou tout tan ak itilizasyon miks ak espas kominotè nan 125 River St. nan yon pati nan pwojè Revitalize Riverside.

**Ogmante Sèvis Kominotè**

**Kreye yon nouvo espas piblik deyò nan Sant Resous Kominotè CEO - Prim DRI: 262,000 dola**

Bati yon zòn deyò ki an sekirite pou evènman ak sèvis kominotè yo enkli yon paviyon piblik ki kouvri ak twalèt nan 2350 Fifth Avenue. Pwojè sa a pral amelyore tou Sant Resous Kominotè CEO ki fèk elaji, ki ofri gadri ak lòt sèvis sipò pou fanmi nan kominote a.

**Konstwi yon Sant Fòmasyon Pwofesyonèl a Sè Net-Zewo nan Capital Roots - Prim DRI: 1,500,000 dola**

Konstwi yon etablisman a sè net-zewo nan 2525 Fifth Avenue pou sipòte yon pwogram preparasyon pou travay pou moun ki p ap travay pandan yon bon tan. Enstalasyon sè a pral ajoute fòmasyon pwofesyonèl nan lis long sèvis yo ofri nan San Kwasans Iben nan Capital Roots (Capital Roots Urban Grow Center) nan Sant Nò Troy.

**Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Kòm yon pati nan efò rekipasyon ekonomik Eta a, sibvansyon 10 milyon dola sa a pral ogmante plis Distri Riverwalk istorik, dinamik ak adapte pou mache. Nan rekonèt siyifikasyon bò rivyè Troy ak wòl li kòm yon konektè pou anpil nan ti biznis lokal yo posede, boza, restoran, espas ouvè ak lojman abòdab, vil la pral kontinye devlope distri kiltirèl, rezidansyèl ak komèsyal li a nan yon motè ekonomik enklizif pou ane k ap vini yo. Felisitasyon pou vil Troy epi mwen pa ka tann pou m wè pwojè yo fini".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Istorik Troy ap fè eksperyans yon renesans akòz investisman kontinyèl yo ki te reyimajine vil la kòm yon sant atistik, kiltirèl ak amizman ki santre bò rivyè li a. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la pwofite pozisyon vil la sou Rivyè Hudson, pou kreye yon distri ki adapte pou mache, dinamik epi ki akeyan ki pral amelyore enfrastruktir ak espas vèt, ki pral prezève achitekti istorik li epi ki pral yon leman pou vizitè, rezidan ak biznis yo".

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi New York la te bay kominote atravè eta a resous pou reponn a bezwen lokal yo epi prim jodi a pral reyalize sa ak plis ankò pou tout moun ki rele Troy lakay yo. 11 pwojè sa yo, ki gen ladan Apatman Taylor HCR finanse, pral bati sou elan ekonomik Troy epi nouri repitasyon vil la kòm yon destinasyon ki rich sou plan kiltirèl ak yon bon kote pou viv".

**Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare,** "Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou ede revitalize ekonomi an nan vil Troy ak nan tout rejyon kapital la. 11 pwojè sa yo nan vil Troy ap bati sou siksè pase nou yo epi yo pral ede asire ke Troy kontinye pwospere".

**Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare,** "DRI a ap akonpli sa li te fèt pou l fè ki se pou enspire kwasans nan sant yo ki deziyen nan kominote nou yo. Vil Troy k ap travay ak pati konsène yo te prezante yon plan ki enkòpore lide ak vizyon kominote a epi fè yo vin yon reyalyte. Reyalyte sa a pral mennen nan pi gwo siksè pou Vil la an jeneral ak Rejyon Kapital nou an".

**Patrick Madden, ki se Majistra Vil Troy, te deklare,** "Sa a se yon bèl nouvèl pou Vil Troy, epi se yon gwo reyalyzasyon pou tout moun ki enplike nan pwosesis la. Lajan DRI sa yo se yon investisman non sèlman nan biznis nou yo, men yo se yon angajman tou nan lojman abòdab, ranfòse koneksyon ant katye nou yo, koneksyon bò dlo, ak nan devlopman mendèv. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou investisman sa a nan lavni nou, ak tout moun ki te soumèt aplikasyon epi ki te sèvi nan komite direktè DRI a ki te egzamine ak ranfòse pwopozisyon sa yo. Nou pa ka tann pou n wè lansman pwojè sa yo an 2023.

### **Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi**

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavi yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavi konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalyte objektif odasye

Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Gen plis enfòmasyon sou DRI a ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418